


Grip A (H1N1)

(ke yo te rele anvansa “Grip pòsin”)

(Influenza A (H1N1), formerly called "Swine Flu")

H1N1, ke yo te rele anvansa “grip pòsin”, se yon nouvo viris lagrip ki lakòz anpil moun ap malad. Viris H1N1 an se yon viris ki pa menm jan ak viris grip yo rele grip sezon yo. Poutan, sentòm H1N1 yo sanble ak sentòm grip sezon an e grip H1N1 an gaye de yon moun a lòt menm jan an. Ou ka gen plis risk toujou pou gen gwo pwoblèm si w deja gen kèk pwoblèm medikal grav sou ou. Sant pou Kontwòl Maladi a (CDC nan lang angle) ananm ak Òganizasyon Mondyal Lasante (World Health Organization) ap swiv tout ka yo rapòte ki genyen toupatou nan lemond.



KISA KÒZ YO YE

- Yo kwè ke grip la gaye de moun an moun sitou lè moun ki gen maladi a touse oswa estènye.
- Yon moun kapab vin enfekte ak viris la tou lè li manyen yon bagay ki te gen viris la sou li epi li manyen bouch li oswa nen l apres.

SENTÒM YO

- Lafyè.
- Maltèt.
- Fatig.
- Latous.
- Mal gòj.
- Nen k ap koule oswa ki bouche.
- Doule kòkraz.
- Dyare ak vomisman.

Tout sentòm sa yo, yo rele yo “sentòm lagrip” (“flu-like symptoms”). Gen plizyè lòt maladi, ikonpri nenpòt ti grip nòmal, ki kapab bay sentòm ki menm jan ak sentòm nou sot site yo.

DYAGNOSTIK

- Gen kèk tès yo ka fè k ap fè konnen si w gen viris H1N1 an.
- Yo pral rapòte tout ka H1N1 ke yo konfime bay depatman lasante lokal oswa leta a.
- Ou ka bezwen yon doktè egzamine w pou detèmine si w gen yon enfeksyon ki se yon konplikasyon ki vin ak lagrip la.

ENSTRIKSYON POU SWEN TÈT OU LAKAY OU

- Toujou pran enfòmasyon sou kesyon an. Ale gade sou sit Sant pou Kontwòl Maladi a (CDC) pou wè tout dènye rekòmandasyon yo afiche yo. Vizite sit entènèt sa a: www.cdc.gov/H1N1flu/. Ou ka rele tou nan 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636).
- Chèche èd touswit depi w kòmanse devlope nenpòt nan sentòm nou te site piwo a yo.
- Si w gen anpil chans pou w vin gen konplikasyon ak lagrip, pale sou sa ak moun k ap ba w swen an depi w fèk kòmanse wè sentòm lagrip yo parèt sou ou. Moun ki gen plis risk pou yo vin gen konplikasyon yo se :
 - Moun ki gen 65 an oswa ki pi granmoun toujou.
 - Moun ki gen kèk maladi kwonik (ki la depi lontan sou yo).
 - Fanm ansent.
 - Jenn timoun.
- Moun k ap ba w swen an ka rekòmande w pran medikaman kont viris (antiviral) pou ede trete grip la.
- Si w pran lagrip, pran anpil repo, bwè ase dlo ak lòt likid pou pipi w sa byen klè oswa jòn pal, epi evite bwè alkòl ak pran tabak.
- Ou ka pran medikaman yo achte san preskripsyon yo pou pase sentòm lagrip yo depi moun k ap ba w swen an dakò pou w fè sa. (Piga janm pran aspirin bay timoun piti oswa tinedjè ki gen sentòm lagrip yo, sitou lè yo gen lafyè).

TRETMAN

- Si w vin malad vre, gen medikaman antiviral ki disponib. Medikaman sa yo kapab fè maladi a vin pi fèb epi y ap fè w santi w pi byen pi vit. Tretman an dwe kòmanse touswit apre maladi a parèt sou ou. L ap fè efè sèlman si w pran l depi premye jou ou kòmanse malad la. Se moun k ap pran swen w lan sèlman ki kapab preskri medikaman antiviral sa yo.

KOUMAN POU W FÈ PREVANSYON

- Lè w ap touse oswa estènye, kouvri nen w oswa bouch ou ak yon mouchwa anpapye (klinèks) oswa ak bra w. Jete mouchwa a (klinèks la).
- Lave men w tanzantan ak dlo tyèd ak savon, sitou lè w fèk touse oswa estènye. Pwodwi pou netwaye ki gen alkòl ladan yo bon tou pou konbat jèm (mikwòb) yo.
- Evite pase men w sou zye w, nen w ak bouch ou. Se youn nan fason jèm yo kapab gaye.
- Eseye pa pran kontak ak moun ki malad yo. Swiv konsèy sou sante piblik ki konsène fèmte lekòl yo. Evite al kote ki gen foul moun.
- Rete lakay ou si w malad. Limite kontak ou gen ak lòt moun pou w pa kontamine yo. Moun ki enfekte ak viris H1N1 an kapab kontamine lòt moun depi premye (1ye) jou lavèy jou yo santi yo malad la jouk rive nan 5-7 jou apre sentòm lagrip la yo fin parèt sou yo.
- Gen yon vaksen H1N1 ki disponib pou ede pwoteje kont viris H1N1 an. Anplisde vaksen H1N1 an, fòk ou vaksinen pou grip sezon an tou. Ou ka pran vaksen H1N1 an ansanm ak vaksen grip sezon an menm jou a. CDC rekòmande vaksen H1N1 an espesyalman pou moun swivan sa yo :
 - Fanm ansent.
 - Mou k ap viv avèk timoun ki pi piti pase 6 mwa daj oswa k ap pran swen de yo.
 - Manm pèsònèl swen sante oswa sèvis ijans.
 - Moun ki gen ant 6 mwa daj jouk rive 24 an.
 - Moun ki gen ant 25 e 64 an lè yo gen plis risk pou yo pran H1N1 akozde kèk twoub sante ki kwonik oswa kèk pwoblèm nan sistèm iminitè yo.

MASK POU FIGI

Nan anviwònman tankou yon kominote oswa yon kay, li pa rekòmande nòmalmman pou sèvi ak mask pou figi oswa respiratè N95 yo. Men, gen sèten sikonstans kote yo dwe itilize mask pou figi oswa respiratè N95 la pou moun ki gen anpil risk pou yo devlope maladi grav akozde grip la. Moun k ap ba w swen an kapab ba w rekòmandasyon anplis sou itilizasyon mask pou figi yo.

NAN TIMOUN, MEN KI SIY IJAN KI AVÈTI KE YO BEZWEN SWEN MEDIKAL ANNIJANS:

- Souf li rapid, oswa li gen pwoblèm pou li pran souf li.
- Koulè po l vin yon koulè ble.
- Li pa bwè ase likid.
- Li derefize leve nan dòmi oswa li pa aji nòmalm ak moun jan li ta dwe.
- Li sitèlman rechya ke timoun nan pa vle moun kenbe l.
- Li gen yon fyèv 102° F (38.9° C).
- Sentòm lagrip yo t ap fè mye epi yo retounen ankò ak tout lafyèv ak yon tous ki vin pi grav.

NAN GRANMOUN, MEN KI SIY IJAN KI AVÈTI KE YO BEZWEN SWEN MEDIKAL ANNIJANS:

- Difikilte pou respire oswa souf kout.
- Doulè oswa presyon nan kòflestomak oswa nan vant.
- Tèt vire ki vin bridsoukou.
- Konfizyon.
- Vomisman ki grav e k ap pèsiste.
- Po l ki gen koulè ble.
- Li gen yon fyèv 102° F (38.9° C).
- Sentòm lagrip yo t ap fè mye epi yo retounen ankò ak tout lafyèv ak yon tous ki vin pi grav.

CHÈCHE SWEN MEDIKAL PRESE PRESE SI :

Oumenm oswa yon moun ou konnen gen nenpòt nan sentòm nou site piwo a yo. Lè w rive nan sant dijans la, di pèsonèl ki resevwa w la ke w panse ou gen lagrip. Yo kapab mande w pou w mete yon mask epi/oswa pou w al chita poukont ou nan yon zòn apa pou anpeche lòt moun ta vin malad akozde ou.

ASIRE W KE OU:

- Ou konprann tout enstriksyon ki nan dokiman egzeyat sila.
- Ou asepte pou w swiv pwogresyon eta sante w.
- Ou asepte pou w chèche jwenn atansyon medikal annijans jan yo di w lan.

© 2009 ExitCare, LLC – permission granted for medical facilities to duplicate. www.ExitCare.com Some of this information courtesy of the CDC